

Wima Kholfatul Hafiidah, Yohan Susilo
Pendhidhikan Basa Lan Sastra Jawa, Universitas Negeri Surabaya, Indonesia
vgsdww@gmail.com , yohansusilo@unesa.ac.id

Abstrak

Tradisi lan budaya ing masyarakat Jawa, khususé ing Desa Tegalsari, Kecamatan Jetis, Ponorogo, nduwèni khasanah kang unik, salah sijiné yaiku tradhisi ziarah makam Kyai Ageng Muhammad Besari. Tradisi iki ditindakake saben wulan Sela déning warga Tegalsari, déné masyarakat saka njaba desa bisa nziarahi tanpa waktu tartamtu. Tradisi iki klebu folklor setengah lisan, lan panalitèn iki nyinaoni papat aspek: (1) asal-usul tradhisi ziarah makam Kyai Ageng Muhammad Besari, (2) tata laku, (3) ubarampe lan maknané, lan (4) tujuwan para peziarah. Tujuan panalitèn iki kango njlentrehake sejarah, tata cara, simbol-simbol ubarampe kaya tumpeng, kembang setaman, lan ambeng, sing nduwèni makna syukur, penghormatan, lan sedekah. Panalitèn migunakaké metode deskriptif kualitatif kanthi teknik wawancara, observasi, lan dokumentasi. Analisis ngandhalaké teori folklor saka Danandjaya. Tradisi iki diyakini diwiwiti sawise séda Kyai Ageng Muhammad Besari taun 1747. Para santri wiwit ndedonga ing makamé, nganti dadi tradisi taunan kang kudu dilakoni warga desa. Prosesi ziarah kapérang dadi telu: titi siyaga (musyawarah lan gotong royong), titi laksana (tahlil, ambengan, ziarah), lan titi wasana (bubaran panitia). Saliyané warga desa, masyarakat umum ziarah kanthi tujuan pribadi tanpa ritual khusus. Adhedhasar angket, tujuan ziarah antara liya: jejodohan, pakaryan, pendhidhikan, lan hiburan. Tradisi iki ora mung minangka warisan budaya, nanging uga wujud syukur lan pakurmatan marang leluhur, utamané Kyai Ageng Muhammad Besari.

Tembung Wigati : Folklor, Tradhisi, Ziarah Makam, Kyai Ageng Muhammad Besari.

Article History

Received: Juli 2025
Reviewed: Juli 2025
Published: Juli 2025
Plagirism Checker: No 235
Prefix DOI :
[10.8734/Argopuro.v1i2.365](https://doi.org/10.8734/Argopuro.v1i2.365)

Copyright : Author
Publish by : Argopuro



This work is licensed under a [Creative Commons Attribution-NonCommercial 4.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by-nc/4.0/)

PURWAKA

Masyarakat Jawa minangka salah sawijining kelompok budaya terbesar di Indonesia sing nduwèni ciri khas dhewe. Budaya Jawa kaperang saka kapitayan, nilai sosial, sistem kepemimpinan, lan pola interaksi bebrayan. Miturut Koentjaraningrat, masyarakat Jawa diiket dening rasa identitas lan sistem adat istiadat sing lestari. Sajrone masyarakat, budaya ora mung katon saka aspek fisik, nanging uga saka sistem gagasan lan tumindak. Kabudayan kasebut dadi dhasar identitas lan pola urip masyarakat Jawa. Budaya minangka sistem kapitayan, tata laku, lan ekspresi manungsa sing dipelajari kanthi pasinaon. Kabèh polah

manungsa kajaba kang intuisi bisa dianggep minangka budaya. Koentjaraningrat nerangake menawa tumindak alami manungsa kaya mangan lan ngombe uga dadi budaya yen dilakoni nganggo teknik lan aturan tartamtu. Iki nuduhaké yèn budaya iku ora mung fisis, nanging uga ngandhut nilai simbolik lan sosial. Mula saka kuwi, budaya bisa dikembangaké lan diwariské kanthi sinau lan pengalaman sosial.

Kabudayan uga diartèkaké minangka asil karya lan pola pikir manungsa, kalebu kapitayan, kesenian, lan adat istiadat. Aspek kabudayan bisa awujud gagasan, prilaku, lan benda fisis sing nduwensi makna lan fungsi sosial. Sukarman lan Sudikan ngelompokaké kabudayan dadi nasional, daerah, lan lokal. Pengelompokan iki nduduhaké variasi budaya sing ana ing masyarakat Indonesia. Ragam kabudayan iki ngandhut nilai lan karakteristik unik saben komunitas. Folklor minangka bagian saka kabudayan tradisional sing diturun-temurunké saka generasi marang generasi. Tembung "folklor" asalé saka basa Inggris "folklore" sing artiné budaya lisan saka kelompok masyarakat tartamtu. Alan Dundes lan Danandjaja nerangaké yèn folklor bisa awujud basa, cerita, tembang, utawa ritual adat. Folklor nduwensi fungsi minangka identitas kelompok lan sarana komunikasi nilai budaya. Warisan iki dijaga lan diwariské kanthi lisan lan praktik budaya.

Folklor bisa dipérang dadi telu: folklor lisan, setengah lisan, lan dudu lisan. Folklor lisan murni ditemokake saka tuturan utawa ucapan, kaya cerita rakyat lan tembang. Folklor setengah lisan gabungan antara lisan lan gerak, contoné adat lan upacara. Dene folklor dudu lisan bisa awujud benda kaya arsitektur utawa panganan rakyat. Pembagian iki mbantu panaliten ngelompokaké unsur budaya sing ana ing masyarakat. Salah siji bentuk folklor setengah lisan yaiku kapitayan masyarakat. Kapitayan iki kerep dianggep takhayul nanging nduwensi makna sosial lan spiritual kang kuat. Contoné yaiku makam tokoh agama sing dianggep suci lan bisa marangi berkah. Tradisi ziarah makam minangka bentuk ekspresi kapitayan lan spiritualitas masyarakat. Tradisi iki dileksanani kanthi simbol-simbol lan pranata sosial-agama tartamtu.

Tradisi minangka unsur penting ing kabudayan, awujud pakulinan lan tata nilai sing diwariské turun-temurun. Tradisi ngandhut makna simbolik lan etis, lan kerep diwujudaké liwat upacara adat. Upacara iki minangka ekspresi norma lan nilai sosial kang dadi panduan tumindak. Tradisi bisa béda antar daerah adhedhasar karakteristik budaya lokal. Nanging, inti saka tradisi yaiku ngajeni warisan leluhur lan nguri-uri identitas budaya. Ziarah makam minangka salah siji tradisi kang isih lestari ing masyarakat Jawa. Salah sijine yaiku ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari ing Desa Tegalsari, Ponorogo. Makam iki nduwensi daya tarik spiritual lan budaya kanggo masyarakat lokal lan pendatang. Tradisi ziarah ing makam iki nduwensi kekhususan lan tata cara kang béda saka makam liya. Ziarah iki dianggep minangka ekspresi rasa syukur lan pakurmatan marang leluhur.

Tradisi ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari dilakokaké kanthi runtut, saka musyawarah nganti acara ambengan lan doa. Ana pembagian tahapan: titi siyaga, titi laksana, lan titi wasana. Ubarampe kaya tumpeng, kembang setaman, lan ambeng ngandhut makna simbolik kang jero. Tradisi iki ora mung nduwensi fungsi religius nanging uga sosial lan budaya. Masyarakat saka njaba desa uga melu ziarah sanajan tanpa ritual tartamtu. Panliten iki ngangkat tradisi ziarah makam Kyai Ageng Muhammad Besari amarga nduwensi kekhususan lan daya tarik budaya. Tradisi iki nyawijkake unsur folklor, kabudayan, kapitayan, lan sistem sosial masyarakat. Kajaba saka nilai spiritual, tradisi iki uga mbangun rasa identitas lan solidaritas masyarakat. Ziarah iki wis dadi destinasi wisata religi sing ngrembaka lan narik kawigaten. Mula saka kuwi, panliten iki penting kanggo mbabar lan nglestarekake tradisi unik iki.

Panliten punika ngginakaken ancangan deskriptif kanthi pendekatan kualitatif. Tujuwanipun supados saged njlentrehake kahanan nyata lan makna kang ana ing tradhisi ziarah makam Kyai Ageng Besari ing Desa Tegalsari, Kecamatan Jetis, Kabupaten Ponorogo. Pendekatan kualitatif dipilih awit panliti kepengin mangerten iku kanthi jero bab tata cara, makna, lan partisipasi masyarakat sajrone nindakake ziarah. Miturut Moleong, pendekatan punika cocog kanggé panliten budaya kang njangkepi perspektif holistic lan kontekstual, saéngga saged nggambareke tradhisi kanthi luwih rinci lan teliti. Papan panliten dipuntemtokaken ing Desa Tegalsari awit wilayah punika minangka panggonan utama tradhisi ziarah Kyai Ageng Besari lumangsung kanthi lestari. Tradhisi punika tetep dilestarikake dening masyarakat minangka bentuk ngurmati leluhur lan tokoh agama ingkang dipundhèrèk. Objek panliten yaiku tradhisi ziarah kasebut, kalebet ubarampe, prosesi, struktur panitia, makna simbolik, lan nilai-nilai budaya kang nglebeti kegiatan punika. Kawilujengan lokasi lan partisipasi aktif masyarakat Tegalsari ndadekake papan punika cocok dados sumber panliten budaya kang sugih informasi.

Sumber dhata ing panliten punika kapérang dados dhata primer lan sekunder. Dhata primer dipunoleh saka narasumber kados ta juru kunci makam, sesepuh desa, keturunan Kyai Ageng Besari, panitia kegiatan, lan warga masyarakat ingkang kagolong aktif. Nalika nentokake narasumber, panliti ngetutaké prinsip-prinsip purposive sampling, awit narasumber dipilih adhedhasar kawruh, peran, lan pengalamanipun. Samentawis punika, dhata sekunder dipunoleh saka buku, artikel, lan arsip foto utawi video ingkang gegayutan kaliyan tradhisi ziarah. Dhata primer kang diklumpukake wujud rekaman wawancara, cathetan lapangan, lan asil observasi. Panliti ngrekam dialog lan sesambungan langsung karo narasumber kanthi peralatan sederhana kados HP lan buku cathetan. Dhata sekunder kang diklumpukake wujud pustaka, arsip-arsip dokumenter, lan data pendukung saking panliten sadurungipun. Dhata punika dipunolah lan dipuntiteni miturut tembung kunci lan topik utama kang gegandhengan karo makna lan pelaksanaan tradhisi ziarah Kyai Ageng Besari.

Instrumen utama panliten punika panliti piyambak minangka subjek aktif kang nglumpukake, netepi, lan nafsirake data. Kajaba saka kuwi, panliti migunakaké alat pendukung kados HP kanggo nyimpen rekaman lan dokumentasi visual, buku tulis kanggo cathetan lapangan, lan laptop kang dipigunakaké nyimpen lan ngolah data digital. Minangka mahasiswa Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Jawa, panliti wis kagungan bekal teoretis lan praktis kang cukup kanggo nindakaké panliten budaya lokal kanthi tanggung jawab. Teknik nglumpukake dhata ing panliten punika kalebet observasi langsung, wawancara semi-struktur, lan dokumentasi. Observasi dilakoni nalika prosesi ziarah lumangsung, kanthi nyathet tindakan lan interaksi warga masyarakat. Wawancara ditindakake kanthi panduan pitakon, nanging tetep fleksibel kanggo ngambah topik-topik anyar miturut tanggapan narasumber. Dokumentasi dilakoni kanthi njupuk foto, video, lan nglumpukake arsip-arsip kang relevan. Kawruh-kawruh punika dipunolah kanthi teliti supados saged njlentrehake tradhisi sacara rinci lan otentik.

Sasampunipun data diklumpukake, panliti nindakaké analisis kanthi metode deskriptif kualitatif. Proses punika kalebet transkripsi wawancara, verifikasi data, penyajian naratif, lan penafsiran makna. Transkripsi dilakoni kanthi cara nulis maneh isi rekaman wawancara, banjur dipriksa karo asil observasi lan dokumentasi. Data disajikake kanthi bentuk narasi kang sistematis, supados luwih gampang dipahami lan digandhengake karo rumusan masalah panliten. Tafsiran data dipunparingake adhedhasar teori budaya lan pendekatan interpretatif. Kanggo njamin validitas dhata, panliti nindakaké triangulasi sumber, triangulasi teknik, lan validasi teori. Saliyane, panliti ugi nindakaké member check, ing endi narasumber diparingi kesempatan mriksa asil panemu panliti kanggo mesthekake akurasi lan ora ana pamahaman kang salah. Kajaba kuwi, panliti ngleksanani peer debriefing kanggo njupuk tanggapan saka pihak liya kang kompeten. Sabanjure, data panliten disuguhaké kanthi runtut, nganggo basa kang sopan lan akademis, supaya bisa dipahami para pamaca kanthi cetha lan bisa nyumbangaken kawruh budaya lokal kang sugih nilai lan makna.

ANDHARAN

Mula Bukane Tradhisi Ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari

Mula bukane minangka sumber wiwitan kang ndadekake sebab tumindake sawijining prastawa sejarah iku penting dipahami, utamane ing konteks budaya lan tradhisi ing Jawa. Jawa minangka salah siji tlatah ing Nusantara kang sugih peninggalan budaya leluhur, nganti saiki isih akeh tradhisi kang dilestarekake masyarakat. Salah sijine yaiku tradhisi ziarah makam, kang ora mung minangka praktik religius nanging uga wujud pelestarian budaya lan kapitayan masyarakat marang leluhur. Ing masyarakat Tegalsari, Kecamatan Jetis, Kabupaten Ponorogo, tradhisi ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari dadi cermin hubungan sing erat antarane budaya, kapitayan, lan sejarah lokal. Tradhisi iki ora dumadi semono wae, nanging nduweni mula bukane, yaiku asal-usul saka crita sejarah lan tokoh kang diuri-uri masarakat nganti saiki.

Kyai Ageng Muhammad Besari dikenal minangka ulama lan tokoh penyebar agama Islam ing Ponorogo, kang uga nduweni silsilah saka keturunan Majapahit lan Nabi Muhammad SAW. Cerita kang berkembang ing masyarakat nyebutake yen Kyai Ageng lan sadulure tiga dikirim dening bapake kanggo nggolek ilmu agama. Laku ngilmune nggawa dheweke saka Setono Ponorogo menyang Bajang, nganti tekan Tegalsari. Ing kana Kyai Ageng nyebarake agama Islam lan mbangun masjid uga pondok pesantren kang banjur dikenal minangka Gebang Tinatar. Luwih saka sepuluh taun, Kyai Ageng nglimu lan ngajari para santri nganti tekan jumlah 3000 luwih, sadurunge panjenengane seda ing taun 1747. Saka wektu seda kasebut, masyarakat miwiti tradhisi ziarah lan doa bareng saben taun, kang banjur dadi kebiasaan lan tradhisi tahunan ing Tegalsari.

Sakwise seda, Kyai Ageng dimakamake ing mburine Masjid Jami' Tegalsari, panggonan kang saiki dadi pusat tradhisi ziarah. Awit saka pengetan seda Kyai Ageng, masyarakat nindakake acara slametan lan ambengan minangka ungkapan syukur lan pakurmatan marang tokoh agama sing ngedegake pondok lan masjid ing wewengkon kasebut. Tradhisi ziarah iki luwih saka mung acara ritual, nanging uga nyambungake rasa identitas, spiritualitas, lan sejarah lokal masyarakat Tegalsari. Akeh warga saka njaba Ponorogo teka ziarah ora mung kanggo ndedonga, nanging uga kanggo nyambungake rasa spiritual lan kekaguman marang jasa Kyai Ageng. Iki nuduhake yen tradhisi ora mandheg mung ing nilai budaya, nanging uga nyentuh dimensi religius lan sosial ekonomi masyarakat.

Ngrembakane tradhisi ziarah iki ora bisa dipisahake saka konteks masyarakat modern. Saiki, tradhisi ora mung diterusake kanthi lisan, nanging uga dimediasi liwat teknologi informasi. Informasi ngenani Kyai Ageng lan tradhisine saiki gampang ditemokake liwat internet, video dokumenter, lan media sosial, saengga bisa nggayuh generasi enom sing luwih kritis lan digital-savvy. Pelestarian budaya kaya mangkono nuduhake kemampuan masyarakat ngetrapake unsur budaya kang luwes, dinamis, lan adaptif karo kahanan jaman. Pangembangan situs ziarah dadi panggonan resik, tertata, lan siap nampani peziarah saka maneka latar mbantu nguri-uri budaya lan ndhukung pariwisata religi kang bisa ngangkat perekonomian lokal.

Tradhisi Jawa Islam ing Tegalsari nyawiji antarane unsur spiritual, sosial, lan budaya. Tradhisi iki kalebu nyekar, ambengan, slametan, lan doa bareng, kang kabeh dilakoni kanthi tartib lan nduweni makna religius lan budaya kang jero. Tradhisi iki uga nuduhake kepercayaan masyarakat marang kekuatan spiritual saka para wali lan tokoh suci, tanpa ninggalake ajaran Islam. Sajrone acara ziarah, ora mung santri saka pondok kang melu, nanging uga masyarakat umum saka maneka daerah. Kegiatan iki dadi ajang silaturahmi, penguatan identitas kolektif, lan media pangeling-eling marang sejarah agama lan budaya lokal. Tradhisi iki ora mung lestari amarga rutinitas, nanging amarga ditresnani lan dirasa penting dening masyarakat sing melu urip ing saubeng tradhisi kasebut.

Mula saka kuwi, tradhisi ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari nuduhake pentinge

mula bukane ing saben tradhisi budaya. Mula bukane iki ora mung nyedhiyakake informasi sejarah, nanging uga nyambungake generasi saiki karo generasi sadurunge liwat nilai-nilai luhur lan pitutur agama. Tradhisi iki njalari masyarakat Tegalsari rumangsa duwe peran dalam nguri-uri warisan leluhur. Sanajan jaman ganti, pangajab masyarakat kanggo nglestarekake tradhisi iki isih kuat, amarga dipercaya bisa ngasilake keberkahan, ketentreman, lan rasa tresna marang budaya lan agama. Tradhisi ziarah Kyai Ageng Muhammad Besari dadi conto konkret saka harmonine tradhisi Jawa lan Islam kang bisa lestari nganti tekan saiki.

Tata laku Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari

Tata laku yaiku rantaman kagiyatan sing dilakoni sajrone tradhisi utawa runtutan lumakune tradhisi wiwit persiapan sadurunge tradhisi dileksanani nganti pungkasan, sajrone tata laku ana telung bageyan ing antarane yaiku, (1) tata siyaga utawa persiapan sadurunge tradhisi iki dileksanani, (2) titi laksana utawaadicara inti sajrone tradhisi lan (3) titi wasana utawaadicara pungkasan sajrone tradhisi. Tata laku sing bakal dijilentrehake ing panliten iki ana 2 jinis, (1) Tata laku ziarah masyarakat Tegalsari , (2) Tata laku tradhisi ziarah *umum*.



Gambar 1. Ziarah Makam Masyarakat Tegalsari

Tata laku tradhisi ziarah *umum* yaiku rantaman utawa urut-urutane kagiyatan sing dilakoni dening masyarakat *lokal* sapa wae sing kepingin ziarah menyang Makam Kyai Ageng Muhammad Besari, dene tata laku tradhisi sing dileksanani dening masyarakat Tegalsari iki minangka rantaman kagiyatan sing dilakoni khusus masyarakat Tegalsari kang dileksanani saben setaun pisan khususe ana ing wulan sela. Tradhisi ziarah sing ana ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari saiki luwih diminati marang masyarakat amarga dibarengi karo tujuwan kagiyatan kang asipat rekreasi religi. Tujuwan utama tradhisi ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari dileksanani yaiku kange wujud pakurmatan marang leluhur yaiku Kyai Ageng Muhammad Besari minangka tokoh Agama kang babat ana ing Tegalsari, kang kapindho yaiku supaya masyarakat Desa Tegalsari bisa guyub rukun, gotong-royong lan tansah nguri-uri tradhisi sing wis ana awit jaman biyen. Jlentrehan lan andharan jangkep ngenani tatalaku Tradhisi Ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari sing dileksanani Masyarakat Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

Titi Siyaga Tradhisi Ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari

Titi siyaga minangka tahapan penting sadurunge dilaksanakannya tradhisi ziarah makam Kyai Ageng Muhammad Besari ing Desa Tegalsari. Salah siji bentuk titi siyaga yaiku musyawarah, kang dadi pondasi utama tumrap kelancaran acara. Musyawarah iki dilakoni dening panitia inti yayasan makam, sesepuh desa, perangkat desa, lan masyarakat umum. Panitia yayasan wis kabentuk kanthi struktur organisasi sing cetha, nglibatake peran bocah-bocah sekolah saka yayasan, lan nduwensi tanggung jawab khusus kaya juru pelihara, ketua, sekretaris, lan liya-liyane. Musyawarah ditindakake nganti telung wulan sadurunge acara utama, lan ngrengbug bab susunan panitia, logistik, jadwal, nganti teknis pelaksanaan ziarah supaya bisa lumaku kanthi tertib lan terkoordinasi.

Saliyane musyawarah, kagiyatan gotong royong dadi bentuk titi siyaga kapindho sing ora kalah penting. Gotong royong dilakoni dening kabeh lapisan masyarakat Desa Tegalsari, saka bocah cilik nganti tiyang sepuh. Fokus kerja bhakti ora mung ana ing area makam lan masjid, nanging uga ngresiki lingkungan omah dhewe-dhewe. Kagiyatan iki dadi momen penting kanggo nambah rasa kebersamaan lan tanggung jawab sosial masyarakat. Kabeh tumindak gotong royong iki dikomando langsung dening Kepala Desa sing nerbitake surat edaran marang warga kanggo melu nyengkuyung acara bersih desa sekaligus persiapan tradhisi ziarah.

Keterangan saka narasumber negesake yen panitia yayasan fokus ngresiki wilayah makam lan sekitare, dene masyarakat umum ngresiki lingkungane dhéwé-dhéwé adhedhasar arahan saka pemerintah desa. Kagiyatan gotong royong biasane dilakoni dina Minggu wiwit esuk jam 6 nganti rampung, lan dadi salah siji pratanda kuat budaya guyub rukun ing masyarakat Tegalsari. Persiapan sing mateng lan partisipasi kolektif iki ndadekake tradhisi ziarah ora mung minangka kegiatan spiritual, nanging uga wujud nyata kerukunan lan kekompakan masyarakat.

Titi Laksana Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari dening Masyarakat Tegalsari

Sakwise rampung ngleksanani titi siyaga, masyarakat Desa Tegalsari lumebu ing tahap titi laksana, yaiku puncak saka Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari. Kagiyatan iki dileksanani saben tanggal 12 Sela, wiwit ba'da isya nganti rampung. Tradhisi iki minangka bentuk penghormatan lan pangeling-eling marang sedane Kyai Ageng Muhammad Besari, sawijining tokoh penting kang nyebarake agama Islam ing wilayah kasebut. Sajrone titi laksana, ana telung bentuk utama kegiatan, yaiku tahlil kubro, ambengan, lan ziarah makam. Kabèh kegiatan kasebut dilakoni kanthi khusyuk lan melu partisipasi saka sakabehe warga, tanpa mbedakake umur lan status sosial.

Kegiatan pisanan yaiku tahlil kubro lan ambengan. Tahlil kubro minangka acara pembuka kang dilakoni kanthi maca tahlil lan sholawat khas Tegalsari sing dipimpin dening KH. Imam Suyono. Kagiyatan iki nglibatake masyarakat saka bocah nganti sepuh, lan disediani kertas bacaan kanggo sing durung apal. Sakwise tahlil, masyarakat nglaksanani ambengan, yaiku mangan bareng karo sega lan lawuhe sing digawa saka omah, minangka bentuk rasa syukur lan sedekah. Ambengan uga dadi simbol kekompakan lan gotong royong masyarakat. Prosesi ambengan diawali karo ngiris tumpeng dening Kyai utawa Ulama lan ditutup karo dhonga bareng.

Sawise tahlil lan ambengan rampung, kegiatan diterusake menyang ziarah makam Kyai Ageng Muhammad Besari. Ziarah iki dilakoni kanthi cara ndedonga lan nyebar kembang ing makam Kyai lan garwane. Prosesi dipimpin dening Kyai utawa tokoh agama desa, lan masyarakat nampa lembaran bacaan tahlil supaya bisa melu bebarengan. Nanging, ora kabeh warga mlebu pasareyan kanggo nyekar, amarga tradhisi nyekar biasane mung ditindakake dening para keturunan Kyai, juru kunci makam, lan aparat desa. Masyarakat liyane tetep melu tahlilan saka plataran masjid nganti plataran makam, amarga ruangane wis kebak dening warga sing teka saka sak desa.

Tradhisi ziarah iki ndadekake masyarakat eling marang asal-usule lan leluhur kang wis mbabat alas Desa Tegalsari. Kegiatan iki ora mung kanggo mengeti sedane Kyai Ageng Muhammad Besari, nanging uga minangka sarana spiritual kanggo nyedhaki Gusti Allah liwat tawasul lan donga bebarengan. Sajrone ziarah, masyarakat diajak kanggo nguri-uri warisan budaya lan agama saka para leluhur, supaya ajaran kebaikan lan nilai-nilai luhur tetep lestari. Ziarah dadi ekspresi spiritual kang kuat ing budaya Jawa, amarga ora mung ngelingi pati, nanging uga ngukuhake rasa syukur, kebersamaan, lan kekancan antarwarga.

Titi Wasana Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari

Titi wasana minangka tahap pungkasan ing rangkaian Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari kang dilakoni masyarakat Desa Tegalsari. Sanadyan ora ana upacara khusus, tahap iki diisi kanthi acara sederhana sing diarani bubaran panitia. Bubaran panitia dilakoni minangka wujud rasa syukur lan penghormatan marang panitia, sesepuh, lan aparat desa sing wis nyengkuyung lan ngupayakake kelancaran acara wiwit titi siyaga nganti titi laksana. Biasane, acara iki dilakoni dina sawisé tradhisi utama rampung, kanthi bentuk kumpul bareng panitia kanggo sarasehan, guyon santai, lan mangan bebarengan. Suasana kasebut nggamarake rasa kekeluargaan lan semangat gotong royong masyarakat Tegalsari.

Miturut pethikan wawancara karo narasumber, acara bubaran panitia uga dadi ajang introspeksi lan motivasi kanggo ngadhepi kegiatan taun ngarep supaya luwih becik. Ketua pelaksana lan Kepala Desa biasane menehi sambutan sing isi ucapan matur nuwun lan rasa bangga marang kabeh pihak sing melu nyengkuyung sukses acara. Acara iki umume dilakoni kanthi ringkes antara ba'da isya nganti jam setengah sangga wengi. Nalika acara rampung, panitia pamit kanthi rasa lega lan bangga amarga Tradhisi Ziarah bisa lumaku lancar lan tetep lestari. Bubaran panitia ora mung mungkasi acara, nanging uga negesake semangat kebersamaan lan rasa tanggung jawab masyarakat kanggo nguri-uri budaya leluhur.

Tata laku Tradhisi Ziarah Kyai Ageng Muhammad Besari Kanggo Masyarakat Saknjabane Desa Tegalsari

Bab iki njlentrehake prakara tata laku ziarah makam Kyai Ageng Muhammad Besari sing lumrah dileksanani dening masyarakat umum, utamane saka njaba Desa Tegalsari. Beda karo tradhisi resmi masyarakat Tegalsari sing kalebu titi siyaga, titi laksana, lan titi wasana, masyarakat umum ora nduweni aturan tartamtut utawa ubarampe khusus nalika ziarah. Umume, para peziarah teka kanthi bebas, utamane ing dina Sabtu lan Minggu nalika preinan, dene warga lokal - utamane para mudha - luwih kerep ziarah saben malam Jemuwah. Sanajan ora ana aturan baku, sebagian masyarakat isih njaga adab ziarah kanthi wudhu dhisik sadurunge mlebu area makam, senadyan ana uga sing langsung mlebu amarga wis wudhu saka omah. Sakdurunge mlebu, umume rombongan dipimpin dening ustad sing mimpin tahlil, doa, lan kadang sholawatan.

Saka wawancara lan observasi lapangan, bisa dipahami yen urut-urutan ziarah masyarakat umum relatif sederhana lan fleksibel. Lumrahe urutane yaiku mlebu area makam, tahlil bebarengan dipimpin ustad, maca sholawat, lan njupuk banyu saka sumber kang diyakini masyarakat nduweni kaistimewaan. Ora ana prosedur tetap utawa paugeran kang kudu ditindakake, amarga kabeh gumantung marang rombongan masing-masing. Iki nuduhake bedane karo tata cara resmi Tradhisi Ziarah masyarakat Tegalsari ing sasi Sela sing diatur luwih rapi lan sakral. Masyarakat umum ngleksanani ziarah kanthi spontan lan pribadi, kanthi tujuan utama ndedonga lan nyuwun berkah saka Kyai Ageng Muhammad Besari minangka tokoh agama kang diyakini duwe peran penting ing sejarah penyebaran Islam ing daerah kono.

Ubarampe lan Makna Ubarampe Sajrone Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari.

Ubarampe minangka unsur penting sajrone tradhisi, amarga ngandhut makna simbolis sing gegayutan karo tujuan lan nilai-nilai budaya kang dijunjung tinggi masyarakat. Ubarampe ora mung minangka benda fisik, nanging dadi perwujudan nilai spiritual, sosial, lan budaya masyarakat sing ngleksanani tradhisi kasebut. Kajaba iku, makna ubarampe bisa dimangertenii kanthi teori semiotik saka Pierce, sing nerangake carane manungsa migunakake simbol lan tanda kanggo nyampaikan maksud lan nilai-nilai. Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari ing Desa Tegalsari dadi conto nyata akulturasi budaya Jawa lan ajaran Islam. Masyarakat ing kene ngleksanani tradhisi kanthi religius, tanpa nglibatake unsur sajen kaya menyan lan dupa. Ubarampe sing digunakake mung kembang setaman, tumpeng, ambeng, lan panganan sederhana liyane. Iki nuduhake ajining ajaran Islam lan warisan budaya leluhur sing isih dijaga kanthi tulus lan penuh hormat.

Kembang setaman dadi ubarampe utama sajrone ziarah. Lumrahe kembang iku dumadi saka mawar abang lan putih, melathi, kenanga, lan kanthil. Kembang setaman nduweni makna minangka perlambang kaendahan, kesucian, lan pakurmatan marang leluhur. Wangi saka kembang iku dianggep nggamarake kabecikan lan wejangan leluhur sing isih terus urip ing ati masyarakat. Kembang setaman uga minangka simbol pangeling-eling marang amal lan dedikasi Kyai Ageng Muhammad Besari marang masyarakat. Makna semiotik kembang setaman nuduhake yen saben jinis kembang nggamarake pengarep-arep supaya nilai-nilai kabecikan lan ajaran luhur saka Kyai Ageng bisa lestari lan tetep “ngandha arum.” Maneka warna kembang kasebut nyawiji dadi gambaran urip masyarakat sing sarwa beda nanging bisa rukun lan ngugemi nilai luhur. Kembang setaman ora mung kanggo nyekar, nanging dadi pratanda spiritual lan sosial saka ikatan batin masyarakat marang leluhure.

Tumpeng minangka simbol penting liyane sajrone tradhisi ziarah. Wujude sing kerucut nggamarake gunung, simbol panguripan, sumber daya, lan hubungan antarane manungsa lan Gusti Allah. Tumpeng digawe saka sega kuning utawa putih, dilengkapi lawuh kaya pitik ladha, kering tempe, urap, lan endhog balado. Pembuatan tumpeng ora mung aspek kuliner, nanging uga spiritual, minangka simbol rasa syukur, pangajab, lan pakurmatan marang Kyai Ageng Muhammad Besari. Tumpeng uga nggamarake struktur sosial masyarakat, ngelingake yen kabeh makhluk saka Gusti Allah lan bakal bali marang-Nya. Warna kuning saka sega nggamarake padhange panguripan, dene lawuh ing sacedhake nggamarake kemakmuran, rejeki, lan kerukunan. Prosesi ngiris tumpeng lan maringi menyang pawongan sing luwih sepuh nuduhake nilai andhap asor lan tata krama kang isih kuwat dijaga.

Pitik ladha minangka lawuh utama ing tumpeng kang nduweni makna wujud pakurmatan lan panyuwunan. Masakan iki dipanggang lan diungkep nganggo bumbu rempah jangkep nganti mateng lan medhak. Maknane nuduhake rasa syukur lan pangajab masyarakat supaya kabecikan lan kabutuhan bisa dikabul. Pitik ladha ing wujud ingkung uga nyimbolake tundhuk lan hormat marang leluhur lan Gusti Allah minangka sumber kabeh urip. Lawuh liya sing ngiringi tumpeng yaiku kering tempe, tahu, lan mi. Kering iki nggamarake kesederhanaan lan keprigelan masyarakat ndeso sing urip sarwa cukup. Miturut narasumber, bahan-bahan iki gampang ditemokake lan murah regane, nanging isih ngandhut makna sosial sing jero: rasa syukur, andhap asor, lan keprigelan manungsa. Lawuh iki minangka simbol harmoni lan karukunan antar masyarakat.

Urap minangka sayur kang digawé saka bahan lokal kaya bayem, godhong telo, lan kacang dawa sing dicampur bumbu kambil. Maknane minangka sumber urip manungsa saka alam, nggamarake kesegaran, kelestarian, lan hubungan manungsa karo alam sakupenge. Masyarakat ndeso biyasa ngolah bahan saka tegalan dewe, nuduhake swadaya lan rasa tresna marang bumi. Urap uga dadi lambang keragaman lan kekompakkan bebrayan. Endhog balado nggamarake semangat lan perjuangan. Warna abang saka bumbu endhog nuduhake wani lan tekad masyarakat nggayuh kabecikan sawise kematian leluhur. Endhog uga digambarake minangka simbol kehidupan lan kesatuan, nuduhake yen kabeh lapisan masyarakat bisa nyawiji tanpa ndeleng status sosial. Endhog balado dadi pralambang harapan lan niat tulus masyarakat Desa Tegalsari ngadepi masa depan kanthi semangat lan rasa syukur.

Tujuwan Tradhisi Ziarah

Manungsa minangka makluk sosial sing nindhakaake kagiyatan kuwi mesti mangerten tujuwane kanggo apa. Tujuwan kuwi bisa ditujuake kanggo awake dhewe lan wong liya lan lingkungan. Budaya lan tradhisi minangka pakulinan sing dithindhakake manungsa wiwit jaman biyen ngantri saiki uga mesthi nduweni piguna lan tujuwan sing gedhi saengga tradhisi iki bisa ngrembaka ngantri jaman saiki. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake tujuwan saka dileksanaake Tradhisi Ziarah dening masyarakat Desa Tegalsari lan tujuwan saka para peziarah ngleksanani ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari.

Tujuwan Masyarakat Desa Tegalsari Ngleksanani Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari

Tradhisi ziarah ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari kang dileksanani dening masyarakat Desa Tegalsari wis ana wiwit jaman biyen lan terus lestari nganti jaman saiki. Sanajan jaman wis owah dadi luwih modern, nanging semangat masyarakat kanggo nguri-uri tradhisi iki ora kendhat. Tradhisi iki ora mung wujud kegiatan rutin, nanging nduweni makna kang jero tumrap masyarakat. Pelaksanaane sing dilakoni saben taun ora mung ngelingi sejarah tokoh agama, nanging uga dadi sarana nguatake identitas budaya lan religius masyarakat. Sajrone acara ziarah, masyarakat ora mung teka kanggo nyekar, nanging uga melu slametan, tahlilan, lan ambengan bebarengan minangka wujud rasa tresna lan hormat marang leluhur.

Tujuan utama saka tradhisi ziarah iki yaiku kanggo mengeti lan ngurmati Kyai Ageng Muhammad Besari, tokoh penting sing nduweni peran gedhe nyebarake agama Islam lan mbabat alas Tegalsari nganti dadi desa kang makmur lan dikenal akeh masyarakat. Kanthi mengeti dina sedane Kyai Ageng, masyarakat Desa Tegalsari nuduhake pakurmatan lan pangeling-eling marang perjuangane. Makam Kyai Ageng ora mung dadi panggonan religi, nanging uga dadi simbol sejarah, spiritualitas, lan jati diri masyarakat Tegalsari. Saka anane makam iki, desa banjur dadi salah siji tujuan wisata religi, sing ora mung nguntungake saka sisi budaya, nanging uga saka sisi ekonomi masyarakat lokal.

Tradhisi iki uga dadi sarana kanggo ngucap syukur marang Gusti lan ngluhurake berkah kang wis ditampa dening masyarakat Desa Tegalsari. Ora mung sebatas doa lan nyekar, nanging uga diiringi kegiatan resik-resik dusun utawa bersih desa. Kegiatan iki nambah makna sosial saka tradhisi, amarga masyarakat bebarengan kerja bakti ngresiki lingkungan desane minangka wujud syukur lan kepedulian marang panggonan sing diwarisake leluhur. Bersih desa dadi bagian penting saka pelaksanaan tradhisi ziarah, amarga nggambanke keseimbangan antara aspek spiritual lan sosial ing bebrayan masyarakat.

Pelaksanaan tradhisi ziarah saben taun uga dadi ajang kumpul masyarakat, nguatake silaturahmi, lan ngelingi pentingna perjuangan leluhur. Tradisi iki nambah rasa kebersamaan, kekeluargaan, lan gotong royong ing masyarakat. Warga Tegalsari percaya yen tradhisi iki ora mung minangka cara kanggo ngormati masa lalu, nanging uga minangka pondasi spiritual lan moral kanggo ngadhepi masa depan. Kanthi terus dilestarekake, tradhisi ziarah iki dadi warisan budaya sing ora mung diwarisake, nanging uga ditresnani lan dijaga kanthi rasa tanggung jawab saka generasi ke generasi.

Tujuwan Masyarakat Saknjabane Desa Tegalsari Ngleksanani Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari

Para peziarah sing teka ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari ora mung saka masyarakat lokal Desa Tegalsari, nanging uga saka njaba desa lan daerah liya. Tekane para peziarah iki nuduhake yen makam Kyai Ageng ora mung nduweni arti penting tumrap masyarakat lokal, nanging uga nduweni panggonan khusus tumrap masyarakat umum minangka simbol spiritual lan religi. Saka tekane para peziarah kasebut bisa dimangertenin yen ziarah makam Kyai Ageng dadi bagian saka kegiatan rohani kang ngrembaka lan dilakoni dening macem-macem lapisan masyarakat. Sanajan asal lan latar mburine beda-beda, tujuwan saka ziarah kasebut cenderung padha, yaiku kanggo ngluhurake leluhur, ndedonga, lan ngupaya cedhak marang Gusti Allah SWT.

Sawetara rombongan peziarah, utamane wong tuwa, nduweni tujuan ngenalake sejarah agama marang anak-anak, supaya luwih mangertenin tokoh-tokoh kang nduweni peran penting nyebarake agama Islam ing tlatah Jawa. Kyai Ageng Muhammad Besari minangka salah sawijining tokoh kang dikenal nyebarake agama lan babat alas Tegalsari, dadi figur teladan kang patut dikenang. Kanthi ngleksanani ziarah, para peziarah ngajak anak-anak nyeksei langsung jejak sejarah, nguatake pendidikan karakter, lan nambah rasa tresna marang budaya

lan leluhur. Mula saka iku, ziarah ora mung wujud spiritualitas, nanging uga nduweni fungsi edukatif lan sosial.

Tujuan liya sing asring disebutake dening peziarah yaiku ngibadah lan nyedhakake awak marang Gusti Allah SWT. Ziarah dadi media kanggo muhasabah, ndedonga, lan nyuwun berkah, utamane nalika arep ngadhepiadicara penting kayata hajatan, pernikahan, utawa ujian urip liyané. Sawetara peziarah yakin yen ndedonga ing panggonan kang diyakini suci lan berkah, kayata makam wali utawa ulama, bakal luwih nyentuh lan makbul. Nanging kabeh tujuwan kasebut ora lepas saka niyat utama, yaiku nyembah lan pasrah marang Gusti Allah, tanpa ngarahake panyuwunan marang tokoh sing dimakamkan. Tegese, makam mung dipandang minangka panggonan kang marak spiritualitas, dudu panggonan panyembahan.

Nalika sawetara peziarah ngandharake tujuwan ziarah amarga krenteg ati utawa kebiasaan saka taun-taun sadurunge, ana uga kang ngleksanani ziarah minangka bentuk rasa syukur lan pengarep-arep berkah kanggo masa depan. Ziarah kasebut dileksanani kanthi tahlil, doa bebarengan, lan ibadah kaya tahajud. Sawetara peziarah malah melu nginep lan ibadah ing sakupenge makam minangka wujud kekhusukan. Sanajan saben pawongan nduweni motivasi pribadi, kabeh tujuwan kasebut gumulung ing siji pangerten, yaiku pangarep-arep kanggo cedhak marang sing Maha Kuwasa kanthi perantara suasana religi lan spiritualitas ing Makam Kyai Ageng Muhammad Besari.

DUDUTAN

Bab dudutan iki njlentrehake kepriye Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari kalaksanan ing Desa Tegalsari, Kecamatan Jetis, Kabupaten Ponorogo. Tradhisi iki dadi warisan budaya religius sing ajeg dileksanani saben wulan Sela utawa bulan Mei minangka wujud syukur lan pakurmatan masyarakat Desa Tegalsari marang Kyai Ageng Muhammad Besari lan para leluhure. Tradhisi iki ngrembaka saka cerita rakyat lan keyakinan masyarakat, salah sijine yaiku dongeng babagan khalifah Kyai Ageng sing bisa methil woh mung nganggo sikil. Tata cara ziarah biyen lan saiki nuduhake bedane; yen biyen warga luwih ketat ngleksanani adab kaya wudhu sadurunge mlebu makam, saiki akeh kang langsung mlebu tanpa wudhu. Tujuan ziarah uga ngalami owah-owahan, saka pakurmatan marang leluhur dadi luwih maneka warna gumantung marang niate peziarah, kalebu nyuwun berkah, hiburan, utawa mung ngunjungi wisata religi.

Panliten iki uga nemokake yen tujuan ngleksanani Tradhisi Ziarah bisa dipérang dadi loro, yaiku saka masyarakat lokal lan masyarakat umum. Warga Desa Tegalsari ngleksanani ziarah kanggo ngenang dina sedane Kyai Ageng Muhammad Besari, ngaturake pakurmatan, lan wujud rasa syukur amarga tokoh kasebut wis ndadekake desa iki dikenal minangka Desa Wisata Religi. Sementara peziarah saka njaba desa nduweni niat kang luwih variatif, saka sing religius nganti pragmatis. Peziarah rombongan umume ngleksanani ziarah kanggo ibadah, nyedhak marang Gusti, lan nyedhiyakake edukasi spiritual kanggo anak-anak. Dene peziarah individu akeh sing ngleksanani ziarah kanthi tujuan pribadi kayata nyuwun kapinteran, kelancaran sekolah, hiburan, ngademake ati, nganti nyuwun jodho lan pakaryan. Iki nuduhake yen Tradhisi Ziarah Makam Kyai Ageng Muhammad Besari ora mung minangka budaya lokal nanging uga minangka magnet spiritual lan sosial kanggo masyarakat luwih amba.

DAFTAR KAPUSTAKAN

- Aisyah, S., & Zainal, H. (2023). *Makna Simbolik Dalam Ritual Tradisi Nyimah Parit Di Pangkal Babu*. 1-13.
- Aisyah, S., & Zainal, H. (2023). *Makna Simbolik Dalam Ritual Tradisi Nyimah Parit Di Pangkal Babu*. 1-13.
- Ansori. (2015). Metodologi Penelitian. *Paper Knowledge . Toward a Media History of Documents*, 3(April), 49-58.

ARGOPURO

Argopuro: Jurnal Multidisiplin Ilmu
Bahasa
Vol 10 No 2 Tahun 2025
Online ISSN: 2988-6309

- Arai, Soichi. Toshiko, O. et al. (2021). Jurnal 4.Pdf. In *Fuctional Food Science* (Vol. 65, pp. 1-13).
- Arikunto,Suharsimi.(2006).*ProsedurPenelitian:SuatuPendekatanPraktik*. Jakarta: RinekaCipta.
- Aryanto, U. (2018). Metode Penelitian Madrasah Tsanawiyah Al Huda Bandung Tulungagung. Madrasah. *Metode Penelitia Aisyah, S., & Zainal, H. (2023). Makna Simbolik Dalam Ritual Tradisi Nyimah Parit Di Pangkal Babu.* 1-13.
- Danandjaja, James. (2007). *Folklor Indonesia, Ilmu Gosip, Dongen, dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti.
- Dianti, Y. (2017). Informan. *Angewandte Chemie International Edition*, 6(11), 951-952., 5-24.
- Djuhan, M. W. (2011). Ritual Di Makam Ageng Besari Tegalsari Jetis Ponorogo. *Kodifikasi: Jurnal Penelitian Islam*, 5(1), 169-186.
- Encep Zainul Syah. (2020). *Perancangan Dan Pengenalan Karakter Jurig Leled Samak Melalui Animasi Motion Graphic*.
- Endraswara, S., Didipu, H., Narudin, N., Sudardi, B., Rochmah, N. L., Dewi, T.
- Endraswara, Suwardi. (2013). Folklor Nusantara: Hakikat,Bentuk, dan Fungsi.
- F, K. Ge. (1967). Upaya Pelestarian. *Angewandte Chemie International Edition*, 6(11), 951-952., 7-27.
- Fabiana Meijon Fadul. (2019). 13 BAB II Landasan Teori. *13 BAB II Landasan Teori*, 6(1), 5-48.
- Hendra, N., & Supriyadi, A. (2020). Memperhatikan Karakteristik Budaya Dalam Fenomena Kehidupan Bermasyarakat. *Adi Widya : Jurnal Pengabdian Masyarakat*, 1-11.
- Ilmiah, N. F., & Suwarni, M. P. Tetuwuhan lan Sato Kewan Sajrone Serat Nawaruci ingkang Taksih dipun Ginakaken Wonten ing Masyarakat.
- Jahra, H. A., Syaka, D. A., & Fauzi, A. (2023). Hubungan Islam Dengan Kebudayaan Jawa. *AL-KAINAH: Journal of Islamic Studies*, 2(1), 1-11.
- K. S., ... & Sulistyorini, D. (2022). Teori Kajian Memori Sastra (Konsep dan Praktik Memori Sastra Sampai Postmemori Sastra).
- Koentjaraningrat. (2009). *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: RinekaCipta.
- Kustini, T. (2019). Pendekatan Communicative Language Teaching Dalam Video Project Youtube Untuk Meningkatkan Motivasi Belajar Siswa. *Jurnal Educatio FKIP UNMA*, 5(1), 12-18.
- May, N. (2022). Analisis Nilai-Nilai Pendidikan Islam Dalam Tradisi Among-Among Di Dusun Jambean Kesugihan Cilacap. 55-134.
- Mirah di Desa Nambang Rejo Kecamatan Sukorejo Kabupaten Ponorogo. *JPK (Jurnal Pancasila dan Kewarganegaraan)*, 3(1), 30-41.
- Ningtyas, L. K., & Susilo, Y. (2024). Tradisi Kirab Pusaka Eyang Djoego Di Desa Jugo Kecamatan Kesamben Kabupaten Blitar. *Morfologi: Jurnal Ilmu Pendidikan, Bahasa, Sastra dan Budaya*, 2(2), 64-76.
- Nurul, L. H. (2019). Pengaruh Implementasi Pendidikan Karakter terhadap Karakter dalam Pembelajaran PKN Materi Pahlawanku Siswa SD Negeri Slarang 05 Tahun 2019.
- Paramita, K. (2022). Analisis Pendapatan Pada Warung Tegal 2000 di Kelurahan Kaliabang Tengah Bekasi Utara. *Bab Ii Kajian Pustaka 2.1*, 12(2004), 6-25.
- Qibtiyah, A. M. (2022). Pelestarian Tradisi Sedekah Bumi Sebagai Kearifan Lokal Masyarakat Dalam Memperkuat Identitas Nasional (Studi Kasus di Desa Tegal Taman Kabupaten Indramayu). *Doctoral Dissertation, Skripsi (S1) Thesis, FKIP UNPAS*, 9-32.
- Raden, S. T. A. B. N., & Tengah, W. W. J. (2023). Makna Simbolik Tumpeng Dalam

- Selamatan dan Nilai-Nilai Ajaran Buddha Pada Masyarakat Umat Buddha di Kulon Progo. *Jurnal-Pemikiran Buddha dan Filsafat Agama* Vol, 4(1), 27.
- Rinaldi, F. (2024). Tradisi tahlilan dalam meningkatkan kohesi sosial pada masyarakat di Kelurahan Dinoyo Kota Malang (Doctoral dissertation, Universitas Islam Negeri Maulana Malik Ibrahim), 19-24.
- Setiawan, B. (2016). Tradisi Ziarah Kubur : Agama Sebagai Konstruksi Sosial Pada Masyarakat di Bawean, Kabupaten Gresik. *BioKultur*, 5(2), 254.
- Shufya, F. H. (2022). Makna Simbolik Dalam Budaya “Megengan” Sebagai Tradisi Penyambutan Bulan Ramadhan (Studi Tentang Desa Kepet, Kecamatan Dagangan). *Jurnal Ilmiah Dinamika Sosial*, 6(1), 94-102.
- Shufya, F. H. (2022). Makna Simbolik Dalam Budaya “Megengan” Sebagai Tradisi Penyambutan Bulan Ramadhan (Studi Tentang Desa Kepet, Kecamatan Dagangan). *Jurnal Ilmiah Dinamika Sosial*, 6(1), 94-102.
- Sianturi, E., Silalahi, H. H., Sianturi, E., & Purba, M. (2024). Upaya Pelestarian Tari Tor-Tor Batak Toba Oleh Sanggar Divauli Dancer Dikota Medan. *Jurnal Penelitian Ilmiah Multidisiplin*, 8(6).
- Sugiyono. (2019) *Metodhe Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sukarman. (2006). Pengantar Kebudayaan Jawa. Bandung: PT Refika Aditama
- Sulistiani, N. B. V. dan S. (2020). Kesenian Jidor Sentulan Ing Dusun Sentulan, Desa Bongkot, Kab Jombang (Tingtingan Foklor). *Universitas Negeri Surabaya*, 5(3), 248-253.
- Sulthon, M. S. (2016). “*Interelasi Nilai Jawa dan Islam Perspektif Ekonomi*.” 247. Sumarto, S. (2019). Budaya, Pemahaman dan Penerapannya. *Jurnal Literasiologi*,
- Suprayitno, E. (2018). Representasi Nilai Moral dalam Cerita Rakyat Golan
- Syakhrani, A. W., & Kamil, M. L. (2022). Budaya Dan Kebudayaan: Tinjauan Dari Berbagai Pakar, Wujud-Wujud Kebudayaan, 7 Unsur Kebudayaan Yang Bersifat Universal. *Journal Form of Culture*, 5(1), 1-10.
- Syofyan, H., & Amir, T. L. (2019). Pengertian Deskriptif Kualitatif. *Penerapan Literasi Sains Dalam Pembelajaran Ipa Untuk Calon Guru Sd*, 10, 37.
- Tjahyadi, I., Andayani, S., & Wafa, H. (2020). *Pengantar Teori dan Metode Penelitian Budaya*.
- Tradisi, A. P. (2017). *Tinjauan Teori Tentang Etika Membangun Rumah*. November 2017, 26-46.
- Triyoso, J. D., & Susilo, Y. (2021). Makna dan Fungsi Tradisi Upacara Nyadran di Dusun Ngadiboyo, Desa Ngadiboyo, Kecamatan Rejoso, Kabupaten Nganjuk (Tingtingan Folklor). *Jurnal Baradha*, 18(2).
- Tsani, L. B., Ibrahim, R., & Syafi'i, A. (2024). Tradisi Nasi Ambeng sebagai Adat Mendoakan Leluhur dan Menjalin Silaturahmi di Masyarakat Kecamatan Sooko Kabupaten Ponorogo Provinsi Jawa Timur. *MODELING: Jurnal Program Studi PGMI*, 11(2), 148-170.
- Wahyudin, D. (2017). Pengertian Handphone. *Repository.Unpas.Ac.Id*, 10-11. Bab 2.pdf
- Zuldafril. (2021). Bab 3 Keabsahan data. *Repository Stei*, 25-26